Dwa Ou Genyen pou Ale Ann Apèl Nan Pwen Aksè Sèvis Vyeyisman

Si w pa satisfè ak desizyon Pwen Aksè Sèvis Vyeyisman (ASAP), ou ka mande yon Revizyon pou konteste desizyon an.

Dwa w

- Ou gen dwa pou yo tande w nan yon reyinyon pou Revizyon.
- Ou gen dwa pou enspekte epi kopye (men w ap gen pou peye pou sa) kontni dosye w la nenpòt lè.
- Ou gen dwa pou chwazi yon moun pou reprezante w nan reyinyon Revizyon an.
- Ou gen dwa pou mande pou Revizyon an fèt pa telefòn.

Pwosesis Revizyon an

Yon Revizyon se yon reyinyon enfòmèl ki fèt pou rezoud yon dispit ant oumenm ak ajans ASAP lan. Se Komite Revizyon Entèn ASAP lan ki fè reyinyon sa a. Yo ka fè Revizyon an lakay ou, nan biwo ASAP, ou an oswa pa telefòn. Si li fèt an pèsòn, ou dwe swa asiste Revizyon an oswa voye yon moun pou reprezante w. Si li fèt pa telefòn, ou pral diskite sitiyasyon w nan telefòn lan avèk yon reprezantan Komite Revizyon Entèn lan.

Nan reyinyon pou Revizyon, oumenm oswa reprezantan w lan pral genyen opòtinite pou deklare poukisa ou pa dakò ak desizyon an epi pou prezante prèv epi/oswa temwen an favè w. Oumenm oswa reprezantan w lan ka poze kesyon konsènan enfòmasyon ASAP prezante. Epitou ou ka poze kesyon konsènan apèl ou an a nenpòt moun k ap pale nan non ASAP oswa k ap prezante prèv an favè desizyon ASAP la.

Si w pa satisfè ak rezilta Revizyon ASAP la, ou gen dwa pou pote desizyon sa a ann apèl devan Biwo Egzekitif Zafè Pèsòn Aje yo.

Pou kòmanse pwosesis Revizyon an, tanpri ranpli fòm ki vini ak enfòmasyon sa a epi voye l nan ASAP pa pita pase trant (30) jou sivil aprè w fin resevwa Notis Aksyon an. Si w pa voye Demann pou Revizyon an nan yon delè trant (30) jou sivil, ou pral pèdi dwa ou genyen pou ale ann apèl.

Atachman: Demann pou Revizyon